

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Kamajuan téhnologi kiwari geus jadi luang pikeun masarakat dina nyangking informasi sacara otonom, hartina unggal individu miboga aksés sacara bébas dina nyangking sumber informasi. Ieu hal ngalantarankeun masarakat leuwih kritis jeung réspansitif kana kajadian nu lumangsung disabudereunana.

Kamajuan téhnologi pikeun dunya atikan gé mawa pangaruh anu sipatna positif jeung pangaruh nu sipatna negatif. Conto pangaruh positif tina kamajuan téhnologi dina dunya atikan nyaéta bisa ngarojong kana prosés pangajaran, hususna dina pangajaran basa Sunda. Conto pangaruh negatif tina kamajuan téhnologi dina dunya atikan nyaéta héngkéna kamampuh siswa dina kaparigelan basa, khususna dina kaparigelan nulis. Siswa leuwih milih ngagunakeun e-mail atawa sms pikeun ngabéwarakeun kagiatan, tibatan kudu nulis surat. Ieu hal anu ngajadikeun kagiatan nulis laun-laun ditinggalkeun ku siswa.

Nulis kaasup kana salah sahiji kaparigelan basa anu miboga sipat produktif hartina kagiatan anu ngahasilkeun hiji karya (Nurjanah, 2008, kc. 1). Nurutkeun Tarigan (2008, kc. 22) “nulis nyaéta kagiatan nurunkeun lambang-lambang grafik anu ngagambarkeun basa hiji jalma, nepi ka jalma lian bisa nyangking basa tina gambaran grafik tadi”. Nulis miboga maksud pikeun ngawangun konsep pamikiran jeung kahayang kana wangun tinulis.

Dina pangajaran basa Sunda tingkat SMP, aya salah sahiji matéri nulis anu diajarkeun nyaéta nulis surat resmi. Surat resmi nurutkeun Wiyasa (1992, kc.2) “nyaéta sarana komunikasi pikeun nepikeun informasi sacara tinulis ti hiji pihak ka pihak nu séjén”. Dumasar kana eusina, tujuan surat resmi nyaéta ngawarkeun, ngondang, *permohonan*, pangéling-ngéling, paréntah, usulan, jeung paménta barang.

Mangpaat nulis surat resmi pikeun siswa nyaéta sangkan bisa nyusun proposal ka parusahaan atawa ka pihak sakola pikeun kagiatan di sakola. Salian ti éta mangpaat lianna nyaéta siswa bisa nyieun surat resmi anu saluyu jeung

sistematikana, diajar ngagunakeun basa anu formal, jeung bisa ngagunakeun éjahan anu saluyu.

Bangbaluh nu karandapan dina nulis surat resmi pikeun tingkat SMP nyaéta: (1) masih loba siswa nu nganggap yén nulis surat resmi téh hésé; (2) kurangna pangaweruh siswa dina sistematika nulis surat resmi; (3) siswa can bisa ngagunakeun éjaan jeung kekecapan nu merenah pikeun dilarapkeun dina surat resmi. Aya sababaraha faktor anu ngajadikeun ieu bangbaluh diantarana: kurangna pangaweruh siswa dina ejaan jeung kekecapan anu merenah, kurangna pangaweruh siswa dina sistematika nulis surat resmi sarta kaéléhkeunna surat resmi ku e-mail jeung sms.

Modél pangajaran anu digunakeun pikeun ngahontal tujuan diajar nulis surat resmi kahontal nyaéta modél pembelajaran *Make A Match*. Ieu modél digunakeun sangkan bisa ngaréngsékeun bangbaluh anu disangharepan nalika nulis surat resmi. Modél pembelajaran *Make A Match* nyaéta model néangan pasangan anu ngagunakeun media kartu. Ieu modél ngajadikeun pangajaran leuwih dipikaresep ku siswa, siswa bisa leuwih aktif dina diajar, siswa bisa mikir sacara kritis, jeung siswa diajar gawé baréng pikeun ngaréngsékeun pasualan.

Tujuan digunakeunna modél pembelajaran *Make A Match* sangkan nyiptakeun suasana diajar anu leuwih aktif, inovatif, kréatif, éféktif, jeung pikaresepeun. Inti tina modél pangajaran *Make A Match* nyaéta siswa sacara kelompok nyocogkeun dua rupa kartu anu eusina beda. Kartu kahiji eusina patalékan, kartu kadua eusina jawaban, tuluy siswa kudu bisa nyocogkeun kadua rupa kartu dina waktu anu geus diwatesanan.

Saméméhna geus aya dua panalungtikan ngeunaan modél pembelajara *Make A Match*. Anu ka hiji ti jurusan bahasa Jepang judulna nyaéta *Skripsi Efektivas Penerapan Modél Pembelajaran Tipe Make A Match Dalam Penguasaan Kosakata Bahasa Jepang (Penelitian Terhadap Siswa Kelas XI Bahasa SMA Negri 15 Bandung Tahun Ajaran 2011/2012) ku Triani Rizky Chairunissa*. Sedengkeun anu kadua ti jurusan basa Daerah judulna nyaéta *Efektivitas Modél Make A Match jeung Modél Intruction dina Pangajaran Nulis*

Aksara Sunda (Panalungtikan Ékspérimén ka Siswa Kelas X SMAN I Sukaresmi Tahun Ajar 2012/2013) ku Elsi Juliar.

Tina dua judul panalungtikan anu geus aya, panalungtikan ngeunaan modél pembelajaran *Make A Match* masih perlu dilaksanakeun. Bédana panalungtikan ieu jeung nu saacanna nyaéta dina métode panalungtikan nu dipaké, ari métode nu dipaké ku panalungtik sacanna nyaéta métodé panalungtikan ékspérimén murni, sedengkeun nu dipaké ku panulis nyaéta métode panalungtikan kuasi ékspérimén. Objék panalungtikanna dina panalungtikan saacanna di kelas X, sedengkeun anu jadi objék panalungtikan panulis nya éya kelas IX anu saluyu jeung SKKD basa Sunda.

Dumasar kana panalungtikan di luhur, ku kituna panalungtikan anu judulna *Modél Pembelajaran Make A Match dina Pangajaran Nulis Surat Resmi siswa kelas IX-F SMP Negeri 1 Sukaraja, Kabupaten Sukabumi* perlu dilaksanakeun.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan miboga maksud pikeun nalungtik kamampuh nulis surat resmi siswa di kelas IX-F SMP Negeri 1 Sukaraja, Kabupaten Sukabumi taun ajaran 2013/2014. Dina nulis surat resmi siswa diperdih sangkan bisa nulis surat resmi anu saluyu jeung wangun surat, ejaan jeung tanda baca anu saluyu jeung palanggéran basa, kalengkepan bagian-bagian surat, jeung patalina eusi jeung tujuan surat.

Surat resmi mangrupa surat anu digunakeun ku hiji instansi ka hiji instansi nu séjén. Surat resmi miboga sababaraha ciri anu kudu diperhatikeun nyaétakudu ayana puhu surat, No. Surat, lampiran, perkawis, titimangsa, salam bubuka jeung panutup, ngagunakeun basa nu sifatna resmi jeung ngagunakeun stempél atawa cap lembaga resmi.

Dina ieu panalungtikan siswa dianggap mampuh nulis surat resmi lamun geus nyumponan aspék-aspék nulis surat resmi, aspék-aspék ngajén nulis surat

resmi nyaéta: (1) kasaluyuan wangun; (2) pamilihan kecap (diksi); (3) bagian surat; (4) ejaan jeung tanda baca; jeung (5) patalina eusi surat jeung tujuan surat.

Siswa anu mampuh nyumponan aspék-aspék menteun nulis surat resmi bisa dianggap mampuh dina nulis surat resmi, sedengkeun siswa anu can bisa nyumponan aspék-aspék menteun nulis surat resmi dianggap can mampuh dina nulis surat resmi. Siswa anu can mampuh nyumponan aspék-aspék nulis surat resmi, guru bisa nerapkeun modél *Make A Match* pikeun ngungkulan pasualan ieu. Ngaliwatan modél *Make A Match* siswa bisa gawé bareng jeung kelompokna pikeun masangkeun kartu anu cocog. Tujuan dilarapkeunna ieu modél sangkan nyiptakeun suasana diajar nu aktif, dipikaresep, jeung ngaronjatkeun motivasi siswa pikeun maham kana materi pangajaran, khususna dina pangajaran nulis surat resmi.

Dumasar kasang tukang, masalah anu baris ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta kamampuh nulis surat resmi siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Make A Match*

1.2.2 Rumusan Masalah

Ngarumuskeun masalah dina panalungtikan mangrupa hiji hal anu kacida pentingna. Ku kituna, éta rumusan masalah bakal jadi pituduh dina ngumpulkeun data. Dumasar kana identifikasi masalah ieu panalungtikan di rumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis surat resmi siswa di kelas IX-F, saméméh ngagunakeun Modél Pangajaran *Make A Match*?
- 2) Kumaha kamampuh nulis surat resmi siswa di kelas IX-F, sabada ngagunakeun Modél Pangajaran *Make A Match*?
- 3) Naha aya beda anu signifakan antara kamampuh nulis surat resmi siswa kelas IX-F saméméh jeung sabada ngagunakeun Modél Pangajaran *Make A Match*?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Dumasar kana kasang tukang jeung rumusan masalah anu dipidangkeun. Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun nguji modél pangajaran *Make A Match* dina pangajaran nulis surat resmi.

1.3.2 Tujuan Khusus

Sacara khusus ieu panalungtikan miboga tujuan ngadeskripsikeun:

- 1) kamampuh nulis surat resmi kelas IX-F, saméméh ngagunakeun Modél Pangajaran *Make A Match*;
- 2) kamampuh nulis surat resmi kelas IX-F, sabada ngagunakeun Modél Pangajaran *Make A Match*; jeung
- 3) beda anu signifikan antara kamampuh nulis resmi siswa kelas IX-F, saméméh jeung sabada ngagunakeun Modél Pangajaran *Make a Macht*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun kamékaran téori modél pangajaran dina dunya atikan, hususna anu bisa digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa. sarta nambahan pangaweruh ngeunaan modél-modél pangajaran anu éféktif pikeun pangajaran nulis, hususna dina nulis surat resmi.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Salian ti mangfaat téoritis, ieu panalungtikan ogé miboga mangfaat praktis diantarana:

- 1) pikeun dunya atikan, bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran basa jeung sastra Sunda, hususna dina ngaronjatkeun kualitas kaparigelan nulis;
- 2) pikeun panalungtik, bisa leuwih ngaronjatkeun kualitas paélmuan jeung ngaimpléméntasikeun modél pangajaran anu luyu pikeun pangajaran nulis surat resmi.

- 3) pikeun guru, ieu modél bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pangajaran sangkan prosés pangajaran leuwih variatif, jeung nambahan élmu pangaweruh ngeunaan modél pangajaran anu bisa digunakeun dina pangajaran nulis, khususna pangajaran nulis surat resmi
- 4) pikeun siswa, sangkan pangajaran nulis surat resmi leuwih dipikaresep, jeung siswa bisa leuwih aktif dina kagiatan proses diajar.
- 5) pikeun paélmuan, kamékaran tiori modél pangajaran dina dunya atikan, hususna modél pangajaran anu bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis siswa.

1.5 Sistematika Panulisan

Dina skripsi ieu aya lima bab, anu diwincik sapertos kieu:

Bab I Bubuka, anu ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah, watesan masalah jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, anggapan dasar jeung hipotesis, metodé jeung téhnik panalungtikan, sarta sistematika panyusunan skripsi;

Bab II Raraga tiori, rangkay mikir jeung hipotesis, anu ngawengku Tiori ngeunaan modél pangajaran *Make A Macht* sarta nulis surat resmi, rangkay tiori jeung hipotesis panalungtikan;

Bab III Metode Panalungtikan, anu ngawengku metodé panalungtikan, wangenan operasional, instrumént panalungtikan jeung téhnik ngolah data;

Bab IV Deskripsi jeung Analisis Hasil Panalungtikan, anu ngawengku analisis data;

Bab V Kacindekan jeung Saran, anu ngawengku kacindekan jeung saran kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.